



Pou Piblikasyon Imedya: 27/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL RAPLE NOUYÒKÈ YO SOU PWOCHEN OGMANTASYON NAN SALÈ MINIMÒM

*Apati 1 janvye, salè minimòm nan ap ogmante a 16 dola pa lè nan Vil New York, Long Island ak Konte Westchester epi 15 dola pa lè nan rès Eta a*

*Fè pati plan istorik, sou plizyè ane, pou ogmante salè minimòm New York jiska 2027 epi endekse l a enflasyon*

*Salè minimòm pou moun ki bay swen adomisil yo ap ogmante tou a 18.55 dola pa lè nan Vil New York, Long Island ak Konte Westchester epi 17.55 dola pa lè nan rès Eta a*

*Nou ankouraje moun ki touche salè minimòm yo ki pa wè ogmantasyon an reflete nan chèk yo pou yo depoze yon plent salè bay Depatman Travay Eta New York [isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te raple Nouyòkè yo ke salè minimòm nan eta a pral ogmante apati 1 janvye 2024 nan kad yon plan istorik, sou plizyè ane, pou ogmante salè minimòm lan epi endekse l a enflasyon. Dapre yon akò ant Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la, salè minimòm New York la pral ogmante a 16 dola pa lè nan Vil New York, Westchester ak Long Island epi 15 dola pa lè nan rès Eta a. Anplis de sa, [salè minimòm pou moun ki bay swen adomisil yo](#) pral ogmante a 18.55 dola pa lè nan Vil New York, Westchester, ak Long Island epi 17.55 dola pa lè nan konte ki nan nò Eta New York yo. Lè nou ogmante salè minimòm New York la pou ale nan menm rit ak enflasyon an sa ap benefisye plizyè milye travayè ki gen salè minimòm nan eta a.

"Ogmante salè minimòm istorik New York la pral ede asire Nouyòkè yo ka kontinye swiv vitès depans yo ap ogmante," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apati 1 janvye, nou ankouraje travayè salè minimòm yo ki pa wè ogmantasyon nan chèk yo pou yo pote plent bay Depatman Travay la pou asire yo jwenn salè yo dwe yo."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Ogmante salè minimòm nan sèvi kòm yon mwayen sekou pou Nouyòkè yo ki gen difikilte pou reponn ak bezwen yo pandan depans yo ap ogmante. Chanjman konstan, sou plizyè

ane yo pèmèt biznis yo ajiste yo pandan y ap bay travayè ki gen salè ba yo kapasite pou yo pi byen sipòte tèt yo ak fanmi yo."

Nan kad bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te garanti akò istorik pou ogmante salè minimòm New York jiska 2026 epi endekse l a enflasyon apati 2027. Apre premye ogmantasyon an, salè minimòm nan ap ogmante a 0.50 dola an 2025 ak 2026. An 2027, salè minimòm nan ap ogmante chak ane nan yon rit Endis Pri Konsomasyon pou Salarye Iben ak Moun k ap Travay nan Biwo yo (Consumer Price Index for Urban Wage Earners and Clerical Workers, CPI-W) pou Rejyon Nòdès la — ki se pi bon mezi rejyonal pou enflasyon, detèmine. Gen yon "pòt sòti" ki disponib nan ka kèk kondisyon ekonomik oswa bidjetè.

Salè minimòm nan ap ogmante pandan twa ane k ap vini yo jan sa afiche anba a:

<b>Dat li Anvigè</b>	<b>New York City, Long Island ak Konte Westchester</b>	<b>Rès Eta New York</b>
Salè Minimòm Aktyèl	15 dola pa lè	14.20 dola pa lè
1 janvye 2024	16 dola pa lè	15 dola pa lè
1 janvye 2025	16.50 dola pa lè	15.50 dola pa lè
1 janvye 2026	17 dola pa lè	16 dola pa lè

Adaptasyon salè minimòm nan ak chète lavi an pral ede kenbe pouvwa dacha salè travayè yo chak ane. Ogmantasyon salè minimòm nan ap benefisye anpil travayè ki gen revni ba yo tou anpil, sitou fanm ak moun koulè yo ki konpoze yon pati ki pa pwopòsyonèl nan travayè k ap touche salè minimòm yo.

Gen dizwit lòt eta ki swa ap lye salè minimòm yo ak enflasyon an oswa ak kèk lòt fòm ekonomik oswa ki gen lentansyon fè sa, ki enkli twa eta ki gen salè minimòm a 15 dola oswa pi wo an 2023. Rechèch sou ekonomi yo montre lè yo ogmante salè minimòm nan sa ka mennen rediksyon nan povrete, rediksyon nan depans pou asistans sosyal, estimile depans, amelyore pwodiktivite travayè, ak lòt avantaj.

Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la pral reyalize yon inisyativ pou sansibilize piblik la pou raple Nouyòkè yo sou ogmantasyon salè minimòm lan epi ankouraje travayè ki touche salè minimòm yo pou rapòte salè yo ki manke. Inisyativ sa a pral gen ladan kontak dijital atravè rezo sosyal, bilten nouvel, ak komunikasyon imèl ak sansibilizasyon dirèk pou distribiye bwochi enfòmasyon avèk òganizasyon patenè yo.

Moun ki touche salè minimòm yo ki pa wè ogmantasyon an reflète nan chèk yo ka depoze yon plent salè sou [sit entènèt](#) Depatman Travay Eta New York oswa lè yo rele 833-910-4378. Pou plis enfòmasyon sou inisyativ NYSDOL la pou konbat vòl salè, ale sou [paj dakèy Depatman an](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)